



## Konsiy pou Enskri Anplasan Prezantwa Jounal

1. Telechaje egzanplè fòm “Enskripsyon Anplasan Prezantwa Jounal” la sou sit Depatman Transpò (Department of Transportation (DOT)) a. Fòm sa a disponib tou sou disk depi ou fè demann lan nan Depatman Transpò.
2. Fòm la gen fòm yon fèy kalkil Microsoft Excel. Chak liy reprezante enfòmasyon sou 1 prezantwa jounal. Kidonk, ta dwe gen 1 liy enfòmasyon pou chak prezantwa jounal ou genyen epi w vle enskri.
3. PA AJOUTE KOLÒN OSWA CHANJE TIT KOLÒN YO.
4. Ranpli plis kolòn posib pou chak prezantwa jounal. Yo bay domèn definisyon yo pi ba a.
5. Yo dwe soumèt “Enskripsyon Anplasan Prezantwa Jounal” yo ranpli bay Depatman Transpò anliy. Yo kapab voye fichye yo pa imèl avèk atachman nan [Newsracks@dot.nyc.gov](mailto:Newsracks@dot.nyc.gov) oswa sou disk nan:

Department of Transportation  
Newsracks Unit  
55 Water Street, 7th Floor  
New York, NY 10041

### Domèn Definisyon:

Non Kolòn	Deskripsyon
Nimewo Idantifikasyon Prezantwa Jounal Konpayi a	Tout antrepriz oswa pwopriyetè ki resevwa yon nimewo idantifikasyon oswa yon lòt idantifyan. Domèn sa a ochwa
Awondisman (Bowò) (M,X,K,Q,R)	Antre Kòd Awondisman M=Manhattan, X = Bronx, K = Brooklyn, Q = Queens and R = Staten Island
Bò Wout	N = Nò, N/W = Nòdwès, N/E = Nòdès, E = Lès, W = Lwès, S = Sid, S/E = Sidès, S/W = Sidwès
Nimewo Kay la	Adrès bilding ki anfas prezantwa jounal la.
Sou Wout la	Wout kote prezantwa jounal la ye a.
Kafou ki pi pre a	Kafou ki pi pre biznis jounal la.
Distans ak kafou ki pi pre a	Apeprè distans an pye parapò ak prezantwa jounal la bò kafou ki pi pre a.
Dezyèm kafou	Kafou ki pi lwen ak prezantwa jounal la.
Anfas	Deskripsyon vwazinaj la. Paregzanp, teren vid, Bob’s Burrito, Biwo
Remak Anplis sou Anplasan an	Remak anplis ou kapab bezwen pou w idantifye lokal la.